

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont akòz de preferans seksyèl ou oubyen sa moun panse ou ye, ou kapab pote yon plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote yon plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pran yon randevou, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan:

www.dhr.state.ny.us

KÈK EGZANP :

Ou se yon lesbyèn epi ou jwenn yon apatman ou ta renmen lwe. Ajan mèt kay la rele ou pou di yon lòt moun te lwe kay la. Yon zanmi di ou ke apatman an disponib epi ajan an kontinye ap montre moun ki vle lwe li. Èske sa ilegal ?

Si mèt kay la ak/oubyen ajan imobilye a te pran desizyon pou pa lwe ou kay la akòz de preferans seksyèl ou, li ap ilegal.

Ou pa omo-sesyèl epi ou gen plan pou al manje ak plizyè zanmi, kèk nan yo omo-seksyèl, nan yon restoran lokal. Malgre genyen tab ki vid, otès la refize mete gwoup ou a chita epi li di tap yo rezève. Apre ou tann pandan plis pase inèdtan, yo toujou pa mete gwoup ou a chita epi genyen kèk tab ki rete vid. Èske sa ilegal ?

Si yo pat mete nou chita akòz de vrè preferans seksyèl oubyen sa moun yo panse ou ye, oubyen vrè preferans seksyèl zanmi ou yo oubyen sa moun panse yo ye, lè sa a konpòtman an te ilegal pase yo refize ba ou aksè nan yon akomodasyon piblik.

Ou genyen dezan nan travay ou a. Pandan tan sa a, ou te resevwa yon pwomosyon ak bon evalyasyon. Youn nan direktè yo bay yon vye blag kont moun ki omo-seksyèl pandan yon rankont ki fè ou pa santi w alèz. Ou deside pale sa ak li ak kontakte Depatman Resous Imèn. Apre sa, ou kòmanse resevwa move evalyasyon epi finalman yo revoke ou. Èske sa ilegal ?

Lwa Dwa Nouyòk entèdi diskriminasyon ki baze sou preferans seksyèl epi li entèdi vanjans, swa paske moun nan te pote yon plent anndan travay la oubyen ak Divizyon an. Si anplwayè ou te fè diskriminasyon kont ou epi revoke ou paske ou te repòte sitiyasyon an, sa ap ilegal.

DISKRIMINASYON SOU PREFERANS SEKSYÈL

NEW YORK STATE
DIVISION OF
**HUMAN
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.NY.GOV

Lwa Dwa Moun Eta Nouyòk entèdi diskriminasyon kont moun akòz de preferans seksyèl yo ak sa moun panse yo ye.

Tèm preferans seksyèl la defini nan Lwa Dwa Moun tankou « etewo-seksyalite, omo-seksyalite, bi-seksyalite, oubyen asekssyalite, kit se vre oubyen se sa moun panse. »

An 1945, Nouyòk te vin premye eta pou pase lòd pou kreye yon lwa kont diskriminasyon. Depi yo te fin pase lòd sa a, Lwa Dwa Moun toujou ap modifeye pou reflekte sosyete nou k ap chanje a. An 2002, yo te siyen Lwa Kont Diskriminasyon Sou Preferans Seksyèl la (« SONDA ») pou l tounen yon lwa ak ajoute preferans seksyèl nan lis klas pwoteje nan Lwa sou Dwa Moun yo.

Nouyòk rete ajou nan pwoteksyon lejislatif nan sosyete nou kontinye ap chanje a. Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou, ou kapab pote on plent ak Divizyon an.

KI PWOTEKSYON LWA DWA BAY MOUN ?

Yo entèdi diskriminasyon ki baze sou preferans seksyèl ki vre oubyen sa moun panse nan diferan kontèks tankou :

Travay : Yo entèdi pou refize bay moun travay, oubyen yon desizyon pou revoke, mete nan pi ba pozisyon, voye lakay yo, oubyen asele anplwaye a kèlkeswa fason an, akòz de preferans seksyèl li.

Espas Akomodasyon Piblik : Yo entèdi pou refize kite moun antre, oubyen jwi, espas piblik tankou restoran, sinema, magazen, ak kay dantis oubyen doktè, ki baze sou preferans seksyèl.

Admisyon nan Enstitisyon Edikasyon San Patipri yo : Refize moun aksè oubyen pou itilize lekòl, kolèj oubyen inivèsite akòz de preferans seksyèl entèdi.

Lojman : Yo entèdi refize vann oubyen lwe, oubyen desizyon pou mete moun deyò akòz de preferans seksyèl yo. Epi tou, yo entèdi asèlman moun akòz de preferans seksyèl yo.

Kredi ak prè : Yo entèdi desizyon sou kondisyon yon prè, tankou kantite tan li dire ak to enterè, ki baze sou preferans seksyèl.

ÈSKE GEN EKSEPSYON NAN DWA MOUN YO GENYEN ?

Wi. « Enstitisyon relijye yo » ak/oubyen « òganizasyon karitatif ki pa chèche fè pwofi ak enstitisyon akademik yo » ki « fonksyone, sipèvizite oubyen kontwole pa yon oubyen ki konekte ak yon òganizasyon relijye » benefisyè eksepsyon nan Lwa sou Dwa Moun. Òganizasyon relijye oubyen ki baze sou lafwa ki gen egzansyon sa a gendwa limite travay, vant, oubyen lokasyon akomodasyon lojman ak ka admèt moun ki nan menm relijyon an ; kapab bay lapreferans moun ki gen menm relijyon avèk yo ; epi kapab pran lòt aksyon yo kalkile k ap pwomovwa prensip relijye li etabli ak ap ap travay pou li a.

Nan kontèks lojman, kay diplèks mèt kay la abite ladan li genyen egzansyon anba Lwa sou Dwa Moun nan.

KI REKOU KI GENYEN SELON LWA SOU DWA MOUN ?

Rekou tankou rapèl salè, benefis, ak pèyman davans nan kontèks travay. Nan pifò ka, genyen konpansasyon pou domaj disponib pou kòlè mantal moun nan te soufri akòz de yon konpòtman yo te pwouve kòm diskriminasyon. Divizyon an kapab pase lòd pou moun ki te fè diskriminasyon an pran sèten aksyon, tankou rebay moun nan travay li oubyen yon pwomosyon, lwe oubyen vann yon akomodasyon lojman, bay moun nan aksè nan yon akomodasyon piblik, oubyen pase lòd pou yon moun oubyen kòporasyon sispann ak renonse kont aktivite ilegal.